Кекелидзе Гиорги

# Томэ ипшысэхэр

Хъурцэ университетым итхылъэтедзапӀ
Тбылыс

2023

Кекелидзе Гиорги
Томэ ипшысэхэр

Сурэтышlэ-гъэкlэрэкlакlор
Лоладзе Никlолоз

Адыгабзэкlэ зэзыдзэкlыгъэр
Лlыпцlэкъо Ларис

Продюсерыр
Андгъуладзе Джулиета

Дизайнерыр
Андгъуладзе Джулиета

Хъурцэ Университетым итхылъытедзапl © 2023
Кекелидзе Гиорги © 2023

Фитыныгъэхэр зэкlэ ухъумагъэх. Мы тхылъым изыlахь закъуи сыд фэдэрэ къыхэутыныгъэ шъуашэуи, сыд фэдэрэ амалэуи гъэфедагъэ хъущтэп къыдэзгъэкlыгъэхэм тхыгъэу яизын имыгъусэу.

ISBN 978-9941-9844-0-2

*Т-с фэгъэхьыгъ*



# СЫДЭУЩТЭУ ТОМЭ ИСП ХЪУГЪА

ПІэкІор чІэгъым тычІэплъыхьанэу тызыщымыщынэжьрэм тицІыкІугъо къыщеухмэ, амэ сипІэкІор шъхьангъупчъэм исыдзынба, – зэгорэм зэриІожьыгъ Томэ, Сыда мыщ уушъэфынэуи хэлъыр, филъыгъ ыкІи, ау къыдэхъугъэп. ЕІункІ-къеІункІыжьи губжым хэтэу джэхашъом къытыридзэжьыгъ.

БэкІаерэ ар плъызэу ыкІи губжыгъэу щылъыгъ. Къамзэгу дзэм фэдэ пкІыхьапІэхэр къэсыгъэх. «Тыкъигъахь, тыкъихьагъ, нэхэр зэфэшІхи пкІыхьапІэм ипчъэ къытфыІух!» – гъумытІымыщтыгъэх пкІыхьапІэ цІыкІхэр. Ау Томэ ахэмэ ядэІущтыгъэп ыкІи ынэхэр ыупІыцІыщтыгъэп.

Щылъыгъ джаущтэу ынапІэхэр зэрэзэІухыгъэу. Щылъзэ ошІэ-дэмышІэу чэщныкъом нэмыкІ нахь инэІосэ макъэ къызэхихыгъ.

– НекІо, Том! НекІо! Сэ усщэщт егъэшІэрэ цІыкІугъор зыщыбгъотыщтым!

Томэ зэрэдунаеу гукъао афыриІагъ, ау пцІы хэмылъэу къэпІощтмэ, ащ къэджэ макъэр лъэшэу шІогъэшІэгъон щыхъугъ. Сабый гъэбжьыгъэхэм зэряхабзэу, ыІупшІэхэр къыІуигъэкІыгъэу напшІэ дэщэягъэхэм ачІэгъ цІыкІ-цІыкІэу къычІэплъынэу ригъэжьагъ.

Тыгъурыгъоу Байбурэ шъхьаныгъупчъэм къиплъыхьэщтыгъэ ыкІи шъабэу къыІущхыпцІэщтыгъэ.

- СшІошъ хъурэп – Іупчъэпчъагъэ Томэ – ЫпэкІи о бэрэ сыбгъэпцІагъ. Зэ къысэпІогъагъ шоколадым хэшІыкІыгъэ хым сыпщэнэу, ау щэм хэшІыкІыгъэ хыкъум къызэрыкІоу къычІэкІыгъ ныІэп ар!

– НекІо! НекІо, Том! – Байбурэ ытхьакІумэ лъэныкъуи ригъэхьагъэп Томэ къыІуагъэр, ятІонэрэ тхьакІумэкІэ къыригъэкІыжьыныгъа – олъэгъуба, сыхьатым ищэбзащэ уицІыкІугъо дэжь къыблэкІынышъ, шІэхэу ин ухъущт!

Къэщынэгъэ Томэ чыхІаныр ышъхьа тырихъуагъ. А уахътэм къышІошІыщтыгъэ зэкІэхэмкІи ухъумагъэу ыкІи гъэбылъыгъэу – ны-нын къызпыхъыкІрэ аргъой мыухыжьхэмкІэ, къолэжъымкІэ, шъхьарыхъон зытехъогъэ быбрэ баджэмкІэ, ыпэ зэкІэмэ ахэзысэу хьакум къикІрэ Іугъом пае тазыр зышыпрэ лІымкІэ, ыкІи уахътэмкІи. Ары! ЧыхІан чъэІым чІэтІысхьагъэмэ – зы гори ыкІи зы нэбгыри къынэсыщтыгъэп!

Ау Байбурэ Байбурэу щытыщтыгъа (къызэрэдэхъугъэр сшІэрэп нахь) ымакъэ мастэм нахьи нахь псыгъуагъэ, ыкІи ымакъэ шэкІ къолэн бзыхьафхэм ахэшІыкІыгъэ чыхІаным ычІэгъ Іудэнэ гъогухэу лъагъор хащыщтыгъэ.

- Къэтэдж, Том, къэтэдж! Уахътэр сэ къэзгъэуцушъущтэп. КъэошІэжьба, зэгорэм ащ янэ тызэрелъэІугъагъэр нэгъэупІэпІэгъу заулэрэ хигъэчъыенэу ыкІи ащ ыуж къуаджэм дэт чъыгхэр зэкІэ зэрэгъугъагъэхэр. ЕтІанэ чэщ реным тафэгушІорэ ыкІи сэррэ къэгъагъэхэм япшъэшъэ гуащэ зыпІурэмрэ тызэгъусэу псы атетткІэщтыгъэ. Къэтэдж!

- О къызэрыпIорэмкIэ, сIахэр сятэ фэдэу инхэу, слъакъохэр тэтэжъ фэдэу кIыхьхэу, сиIофхэр сянэ иIофхэм афэдэу бэу ыкIи гумэкIхэр синэнэжъ иехэм афэдэу зэпымыухэу егъашIэм щытыщтхэба?

- ХьаIу, Том, о къэтэдж къодыи ары, ау фэсакъ! ПIэкъорым дэжь пкIыхьапIэхэр Iутых, уатеуцокъон!

Ощхышхом игъом шъхьаныгъупчъэм ткIопсэу къытет-кIуагъэхэр зэгорэм къэшъулъытагъэха? Мары, ткIопси-щым якъэлъытэн тефэрэ уахътэм фэдиз Томэ ищыкI-эгъагъэр Байбурэ ытхыцIэ итIысхьанкIэ. Ахэр ицIыкIугъом къыхэнэгъэ еджапIэм ипащэ дэжь быбыщтыгъэх. Пащэр джэгуалъэхэмкIэ зэхэугъоегъэгъэ зылI гор – егъэлыягъэ гушIубзыу, ау къызэкIан. ЦIыф макI ащ екIущтыгъэх.

- ШъыпкъэмкIэ олъыта, дунаим итхьаматэхэр зэкIэри къыппыщытхэу зэгохьагъэхэу ыкIи яамал зэкIэ рахьылIэу мафэм зы шоколад такъыр нахь къыуамытынымкIэ?

- Адэ, ащ джэнджэш хэлъэп! Сэ сидыгъокIи сысабыинэу сыфаеба! – Байбурэ иушъый чанэу Томэ пигъохыжьыгъ.

- ШъыпкъэмкIэ уфаеу къыхэпхыгъа, мэфэ реным пцIы дэгъухэм ядерс укIонэу ыкIи зэуи шъыпкъэ жъалымыр зыдэмыщэнэу? – ыуплъэкIу пшIошIэу нэжъгъкIэ еджапIэм ипащэ къеплъыгъ.

- Ары, Iо хэмылъэу!

- ШъыпкъэмкIэ уфаеу къыхэпхыгъа, плъэгуанджэхэр сидыгъокIи хэушхъонтIыкIыгъэу щытынхэу, сыда пIомэ къушъхьэфачъэм тесыныр егъашIэм зэбгъэшIэшъущ-



тэпышъ?

- Ары!

- ЫкIи ошIа нэмыкIхэм яджэгуалъэ о уием нахьри зэрэнахь дэгъущтыр?

- Ары!

- ЫкIииии – мыщ дэжьым еджапIэм ипащэ хэпскыкIыгъ – ухьазыра пчэдыжь къэс IашIунчъэ пIастэр пшхынэу, ащ



ехъоуи пӏастэм тхъу хэлъыжьэу? Етӏани, а пэщэ ӏаехэм ӏа къыпщафэ фэдэу, унэгушъхьэ къызэрепӏэскӏхэрэр пщэчыщта, дунаимкӏэ зэкӏэмэ анахь а бзэджэшӏэныгъэ иныр?

Мыр упчӏэ хьылъэу къэлъагъощтыгъэ, ау Томэ сабыеу лъэшэу къэнэнэу фэягъэти, тӏэкӏу нахь тынчэу, ау сыд ӏоми пхъашэу джэуап ритыжьыгъ.

- Ары, ӏо хэмылъэу!

Джаущтэу Томэ апэрэ уплъэкӏуным пхырыкӏыгъ. Къыкӏэлъыкӏорэ уплъэкӏунри псынкӏагъэп – янэ кӏыгъоу, испхэр зыгъасэхэрэмрэ пшысэ дзыохэр зыдрэмрэ адигъусэу уахътэ ыгъэкӏоныр арыгъэ. Ау тыгъурыгъоу Байбурэ сыд фэдизэу ӏуш ыкӏи ушэтыгъэ Байбурэу щытыщтыгъа, иныбджэгъу демыӏэгъагъэмэ.

Ыкӏи Мэзэ ныкъо мэфэкӏым, удхэм мазэм исысрэ цапэ псы тасхэр зызыщыпашӏэрэ уахътэм (псыр икӏутырэп сыд мышӏэми), Томэ испэу аштагъ.